**Адабиётлар**

1. Қонун ҳужжатлари маълумотлари миллий базаси, 29.12.2017 й., 09/18/1026/0497-сон; Қонун ҳужжатлари маълумотлари миллий базаси, 30.09.2019 й., 09/19/822/3840-сон; 08.04.2021 й., 09/21/189/0303-сон; Қонунчилик маълумотлари миллий базаси, 21.05.2021 й., 09/21/320/0482-сон; 18.01.2022 й., 09/22/25/0033-сон; 05.04.2022 й., 09/22/153/0266-сон.
2. Арламов А.А. Педагогический риск как проблема методологии социальной педагогики. // Вестн. Адыгейского гос. ун-та. Серия 3: Педагогика и психология. 2010.№ 1.– С. 12–21.
3. Абрамова И.Г. Теория педагогического поиска [Электронный ресурс]: дис. … д-ра пед. наук: 13.00.01.– М.: РГБ, 2007. (Из фондов Российской государственной библиотеки).
4. Хохлова Е.А. Предупреждение конфликтных ситуаций во взаимодействии учителей, учеников и родителей [Электронный ресурс]: дис. … канд. пед. наук: 13.00.01. -М.: РГБ, 2003. (Из фондов Российской государственной библиотеки).

**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада олий таълим муассасаларида таълим сифатини ички мониторинг қилиш, ўқитиш самарадорлиги ва таълим сифатини ошириш, таълимни бошқариш механизмлари хусусида фикр юритилади.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматриваются внутренний мониторинг качества образования в высших учебных заведениях, повышение эффективности преподавания и качества образования, а также механизмы управления образованием.

**SUMMARY.** This article discusses the internal monitoring of the quality of education in higher education institutions, the improvement of teaching efficiency and the quality of education, and the mechanisms of educational management.

## 1939-1941-JÍLLARÍ QARAQALPAQSTANDA KITAP BASPASÍ HÁM POLIGRAF SANAATÍNÍŃ AHWALÍ

**R.B.Idrısov** - *tariyx ilimleri boyınsha filosofiya doktorı*
**A.Jaqsımuratov** – *magıstrant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** KKGIZ, kıtap, bılım, baspaxana, polıgrafıya, kıtapxana, kıtapxanlıq, mashqala.
**Ключевые слова:** ККГИЗ, книга, знание, типография, полиграфия, библиотека, чтение, проблема.
**Key words:** KKGIZ, book, knowledge, prıntıng house, polygraphy, lıbrary, readıng, problem.

Bul másele konteksinde ámeliy tárepten izzertlew temasınıń aktuallıǵı búgingi jas áwlad tárbiyasınıń zárúrli wazıypalarınan biri bolıp kitap ónimlerin basıp shıǵarıw hám tarqatıw sistemasın rawajlanıw, kitapxanlıq mádeniyatın asırıw hám úgit-násiyatlaw menen belgilendi. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoevtiń 2017-jıl 12-yanvarda bul másele boyınsha komissiya dúziw haqqındaǵı buyrıǵı imzalandı, onda xalıq sonday-aq, jaslar arasında kitapxanlıq mádeniyatın asırıw ushın bul zárúrli tarawdıń rawajlanıwı menen baylanıslı qatar mashqalalar kórsetilgen [1].

Qaraqalpaqstan tariyxtanıwında urısqa shekem bolǵan jıllarda repressiyalar, awıl xojalıǵın kollektivlestiriwdi tamamlaw, jeke múlkti joq etiw hám dinge qarsı úgit-násiyatlaw jumıslarınıń alıp barılıwı menen ajıralıp turadı. Sonıń menen birge, aymaǵımız tariyxında social-ekonomikalıq hám mádeniy rawajlanıwınıń basqa ózgesheliklerin kórsetetuǵın waqıyalar kózge taslanadı. Ulıwma aytqanda, Sovet húkimeti dáwirinde Qaraqalpaqstan tariyxtanıwında «mádeniyat awdarıspaǵı» túsinigi 1930-jıllar dáwirin belgilewde tiykarǵı orındı iyeledi. 1937-1941-jıllarda onı ámelge asırıwda úlken jetiskenliklerge erisilgenligi kórsetildi [2].

Aldıńǵı tariyxtanıwǵa bola, bul dáwirde siyasiy, texnik, ekonomikalıq ádebiyatlarǵa tiyisli qaraqalpaq tilindegi kitaplardıń basıp shıǵarılıwı kóbeygen, rus klassikleriniń qaraqalpaq tiline awdarma qılınǵan shıǵarmaları, qaraqalpaq xalıq awızeki tvorchestvo shıǵarmaları kóp tirajlarda basıp shıǵarılǵan.

Qaraqalpaqstanda urısqa shekem bolǵan jıllarda, tek bir baspa - Qaraqalpaqstan kitap hám gazetalar baspası bar edi (keyininen ol Qaraqalpaqstan mámleketlik baspası dep atı ózgertirildi - KKGIZ), bul jerde tiykarınan barlıq baspa ónimler islep shıǵarılǵan. Bul ónimlerdiń bir bólegi Moskva hám Tashkentte islep shıǵarılǵan, biraq jergilikli baspa áste-aqırın islep shıǵarıw imkaniyatın asırǵan. Eger 1933-1934-jıllarda KKGIZ 8 atamadaǵı sabaqlıqlardı basıp shıǵarıla baslaǵan bolsa, 1940-jılda ayrım sabaqlıqlar 54 atamada basıp shıǵarılǵan [3], hám 1941-jılda barlıq klasslar ushın qaraqalpaq tilinde sabaqlıqlar kirill jazıwında basıp shıǵarıla baslaǵan.

1939-jıl 10-iyun kúni QQASSR Xalıq Bilimlendiriw Komissariatı janındaǵı bolıp ótken 1940-jıldaǵı sabaqlıqlardı basıp shıǵarıwdıń tematik rejesi máselesi boyınsha jiynalısta I.Sagitov bul máseleni jáne bir márte kóteredi.Onıń aytıwınsha, 1940-jılda Qaraqalpaqstan mámleketlik baspasında sabaqlıqlar basıp shıǵarıw kólemi asıp barmaqta, sonıń ushın ol baspanı kadrlar menen táminlewdi másláhát beredi. Májliste KKGIZdıń jumısın sınǵa alınadı. Respublika bilimlendiriw isleri boyınsha Xalıq Komissariyatı Kollegiyası aǵzası Goyzman «KKGIZ si'ezd materialların basıp shıǵaradı hám qaraqalpaq tilinde birde-bir kórkem ádebiy kitap shıǵarmaǵan» dep aytadı [4]. Jıynalısta tájiriybeli oqıtıwshılardı tartıw arqalı xizmetkerler sanın keńeytiriw, kitaplardıń avtorları hám awdarmashılardıń jiynalısların turaqlı túrde ótkerip barıw, oqıw ádebiyatları avtorları hám awdarmashıları ortalıǵın keńeytiriw, ásirese qaraqalpaq tilinde isleytuǵın qániygelerdi kóbeytiw haqqında qarar qabıl etildi.

Kadrlar máselesi baspa isinde eń kerekli edi. Bul dáwirde KKGIZde qaraqalpaq tilinde kitap islep shıǵarıw menen shuǵıllanatuǵın tek ǵana úsh redaktor islegen - K.Ubaydullaev, O.Shamuratov hám A.Shamuratov, 1930-jıllarınıń aqırında jańa til siyasatına muwapıq SSSR xalıqlarınıń barlıq tillerin kirill alipbesi tiykarında jazba ráwishte awdarma qılıw rejelestirilgen edi. Sol sebepli, kadrlar tayarlaw hám kirill jazıwındaǵı jańa álipbe dúziw ústinde islew zárúrli wazıypaǵa aylandı. 1939-jıl basında VKP(b) nıń Oraylıq Komiteti hám SSSR Xalıq Komissarları Keńesiniń qararınan soń, úsh ay ishinde kirill álipbesine tolıq ótiw ámelge asırıldı. Sonıń ushın, 1940-jıl baslarında KKGIZde latın álipbesindegi sabaqlıqlardı basıp shıǵarıw toqtatıldı. Sol jılı K.Ubaydullaev, Q.Ayımbetov hám N.Dawqaraev kirill álipbesi tiykarında qaraqalpaq tiliniń álipbesi hám imla qaǵıydaların islep shıqtı. Bul álipbe 1940-jıl 18-iyuldaǵı QQASSR Oraylıq Atqarıw Komiteti Prezidiumınıń pármanı menen turmısqa engizildi. «Biziń redaksiyamız aǵzaları aldında qıyın is turıptı, - birinshiden, jańa álipbeni ózlestiriw hám jańa álipbede sabaqlıqlardı qayta islew kerek» - dep jazǵan edi KKGIZ direktorı waziypasın atqarıwshı I.Sagitov [5].

I.Sagitov óziniń bayanat (dokladnoy) xatında kórsetkenindey, «jańa álipbe 1940-jıl 1-iyulda Tashkent qalasında tastıyıqlanǵan, biraq qaǵıydalar qanday bolıwı belgili emes. Ele redaktorlar hám mashinistkalardıń hesh biri bilmeydi» [6].

Kirill álipbesine ótiw poligrafistler ushın ham bir qatar qıyınshılıqlardı keltirip shıǵardı: 1941-jılda baslanǵan jańa sabaqlıqlardıń basıp shıǵarılıwı júdá kóp kemshiliklerge iye edı, máselen, baspa direktorı N.Sıgbatullin olardı jańa imla menen baylanıslı ekenligin jazadı, «Máselen 1941-jıl yanvardan aldın sabaqlıqlar basıp shıǵarılǵanda, imla ushın tek ǵana bir parametr bolǵan edı, keyin qabıl qılınǵan dáslepki imla anıqlandı» [7].

Respublika Xalıq Komissarları Keńesi KKGIZge jańa álipbe kursların shólkemlestiriwge ruqsat berdi: hár kúnı 2 saat dawamında eki ay dawamında redaktorlar, korrektorlar, awdarmashılar hám mashinistkalar kirill

jazıwında qaraqalpaq álipbesin úyrendi. Sonıń menen birge, Tórtkúl baspaxanasında (1940 jılǵa kelip Nókis poligraf-kombinatı ele qurılıp atırǵan hám tolıq úskenelenbegen edi) tek ǵana 7 úskene, sonnan 2 «Pioner» baspa mashınası, 1 «Iskra» mashinası, 2 «Ausburg» hám 2 «Amerikanka» bar edi. Sonıń menen birge, sońǵı eki mashinanıń góneriw jaǵdayı 75-80% tı quraǵan edi [8]. 1939-jıl 10-mayda QQASSR Xalıq Komissarları Keńesi 184 mıń rubl muǵdarda baspaxana úskinelerin, solardan Nókis baspaxanası ushın bir rulonlı aylanba rotaciyalı mashinanı hám Tórtkúl baspaxanası ushın «Pioner» tegis baspa mashınasın satıp alıwǵa ruxsat berdi. Bul úskene sol jıldıń gúzinde alıp kelingen hám dáslep rotaciyalı mashinanı Tórtkul baspaxanasında ornatpaqshı boldı, biraq Respublika Xalıq Komissarları Keńesi aralasıwı menen Baspa isleri boyınsha basqarma onı Nókiske jiberiwge májbúr etti, sonıń menen birge Nókis poligrafiya karxanasında ornatıw ushın móljellengen basqa úskenelerdı hám (sonıńday-aq broshyura mashinası, qaǵazdı kesiw mashınası hám basqalardı da).

Soǵan qaramay, Tórtkúldegi baspa 1940-jılda 136 atamadaǵı 404550 nusxada kitaplar basıp shıǵaradı, yaǵniy olar sabaqlıqlar, oqıw hám metodik ádebiyatlar, sonday-aq, social-ekonomikalıq, awıl xojalıǵı, kórkem hám balalar ádebiyatların óz ishine alǵan. Sonda-aq, qaraqalpaq xalıq shayırı Berdaqtıń (Berdimurat) lirik shıǵarmaları toplamı (Tórtkúl, 1941) A.Shamuratov hám A.Begimovlar baspaǵa tayarlaǵan Berdaqtıń shıǵarmaları toplamı (Tórtkul, 1941), «Maspatsha» poeması (Tórtkúl, 1940), qaraqalpaq xalıq dástanları «Alpamıs» (Tórtkúl-Tashkent, 1941) hám «Qoblan» (Tórtkúl, 1941), «Qaraqalpaq ádebiy tiliniń alfaviti hám orforgrafiyası» (Tórtkúl, 1941), N.Japaqov tárepinen tayarlanǵan «Xalıq ertekleri hám qosıqları» (Tórtkúl, 1941), ullı shayır A.Nawayınıń, sonday-aq qaraqalpaq shayır hám jazıwshıları A.Musaev, M.Daribaev, N.Japaqov, S.Nurimbetov hám basqalardıń shıǵarmaları basıp shıǵarıldı. Sonday-aq, rus tilinde sabaqlıqlar, social-siyasiy ádebiyatlar, rus tilinen awdarma qılınǵan kórkem shıǵarmalar hám baspadan shıqtı.

1940-jıllardıń baslarında Tórtkúlde oqıw ádebiyatlardı basıp shıǵarıw baslandı: tek 1941-jıl yanvar-fevral aylarında Qaraqalpaqstan baspası tárepinen baslanǵısh klasslar ushın hám az muǵdarda orta mektepler ushın 20 atamadaǵı sabaqlıqlar basıp shıǵarıldı [9]. Lekin sabaqlıqlardı basıp shıǵarıw, tiykarınan Moskvadaǵı «Uchpedgiz»de ámelge asırıldı.

1941-jılı tazadan sabaqlıqlardı basıp shıǵarıw ushın taza alfavittiń shriftleri ele tolıq jetispeytuǵın edi. Soǵan qaramastan poligrafistler kitap baspasınıń alǵa ilgerilewinde pidákerlik penen miynet etkeni kórinedi. 1941-jılǵı 15-marttaǵı Ózbekstan KP(b) byurosı «Qaraqalpaq Mámleketlik Baspasınıń jaǵdayı haqqında»ǵı máseledegi QQM baspası direktorı Sigbatullinniń dokladında mınanday delinedı: «Qaraqalpaqstanda kitap baspası 1938-1941 jillarda júdá úlken tájiriybege iye boldı hám hár tárepleme ósti, rawajlandı. 1941-jıl dawamında 773 baspa tabaq ádebiyatlardı basıp shıǵardı, sonıń ishinde 43 atamadaǵı 296 baspa tabaq kóleminde kórkem hám ilimiy-metodikalıq ádebiyatlar edi [10].

Urıstan keyingi jıllarda baspa hám poligrafiya sanaatı jańa dáwirge qádem tasladı. Jańa kadrlar menen tolıqtırılıp, tazadan baspa mashinaları, túplewshi úskeneler menen támiyinlendi, sol sebepli respublikamızda shıǵarılatuǵın gazeta-jurnallar, kitap hám basqada baspa ónimlerin basıp shıǵarıw kólemi hám sanı ósti. 1955-jılı QQM baspasında 15 redaktor, 5 korrektor, texnikalıq redaktorlar jumıs alıp barǵan, biraq olardıń hesh qaysısıda poligrafiya qániygeligi boyınsha tálim almaǵan. Kópshilik redaktor hám korrektorlar jergilikli joqarǵı oqıw ornın pitkerip, baspa hám poligrafiya tarawında jumıs alıp barǵan [11].

Xalıqtıń kitap ónimlerine, solardan sabaqlıqlarǵa qızıǵıwı júdá joqarı edı. Olar arasında Nókiste, sonday-aq Tashkent poligrafiyasında islep shıǵarılǵan kórkem ádebiyatlar, ásirese qaraqalpaq xalıq ámeliy sanaatı shıǵarmaları, Qaraqalpaqstan xalıq shayırlarınıń shıǵarmaları toplamları hám basqa ádebiyatlar júdá belgili bolǵan. Máselen, 1941-jılda A.Shamuratov tárepinen redaktorlanǵan qaraqalpaq xalıq dástanı «Alpamıs» 3000 tirajda Tashkent baspaxanasında basılıp shıqtı. Tórtkúl baspaxanasında urısqa shekem Kunxojanıń lirik qosıqları toplamı basıp shıǵarıldı. Urıs jıllarında hám Nókis poligraya-kombinatıda qaraqalpaq shayırlarınıń (D.Nazbergenov, N.Japaqov, A.Shamuratov, Q.Dosanov, M.Daribaev, T.Seytmuratov, J.Aymurzaev hám basqalar) qosıqlar toplamları broshyura túrinde basıp shıǵarıla baslandı hám ayrıqsha baspalar, máselen, S.Qurbaniyazovtıń «Qolǵa qural al, meniń xalıqım», M.Daribaevtıń «Gúreske» qosıqlar toplamları basıp shıǵarıldı.

1942-jıldan baslap gazetalar hám baspalardıń redaksiyaları sezilerli dárejede qısqartıldı. Ózbekstan Xalıq Komıssarları Keńesiniń qararı menen Qaraqalpaqstan poligrafiya sanaatın qarjlandırıw 40 procentke yamasa 669 mıń rublge qısqartırıldı. Sol sebepli respublika gazetaların basıp shıǵarıw kólemi kemeydi, Nókıs poligrafkombinatında 2 basshı hám baspaxanada 20 isshi qaldı. Baspanıń kopshilik jumısshıları hám qaniygeleri frontqa atlandı. Soǵan qaramay, 1942-jıldan beri QQASSR Xalıq Komissarları Keńesiniń qararı menen sabaqlıq Nókis baspaxanasında tolıq basıp shıǵarıw rejelestirilgen edi. Biraq, joqarıda atap ótkenimizdey, Nókis poligraf kombinatıda qaniygeli isshiler – hárip teriwshiler, kitaplardı túplewshiler, baylawshılar jetispes edi, sonıń ushın bul karxananıń reje kórsetkishleri hesh qashan orınlanbadı. Kórkem ádebiyat ornına siyasiy, awıl xojalıǵı ádebiyatları basıp shıǵarılıp, yaǵnıy islep shıǵarılǵan ónimlerdiń tematikalıq jónelisi siyasiy hám ekonomikalıq tendensiyalarǵa tuwrı kelgen. Birinshiden qaraqalpaq mektepleri ushın sabaqlıqlar jeterli emes edi. Belgili alım J.Urumbaev kórsetkenindey, urıs dáwrinde «qaraqalpaq tilindegi tiykarǵı hám awdarma sabaqlıqları ulıwma basıp shıǵarılmaǵan».

Solay etip 1940-jılǵa kelip ulıwma kitap qorı 205 mıńǵa jetedi, al kitapxanalar sanı 195 jetedi. Respublikamızda kitap qorı 1960-jıllarǵa kelip 1 millionnan asadı: 1965-jılǵı maǵlıwmatlarǵa súyenetuǵın bolsaq ol 1 million 310 mıń kitaptan ibarat bolǵan [12].

Ulıwma aytqanda Qaraqalpaqstan aymaǵında baspa óndirisiniń payda bolıwı máselesi tereń tariyxıy tamırlarǵa iye. Qaraqalpaqstan tariyxtanıwında áwelgi dáwirlerde biziń aymaǵımızda kitap basıp shıǵarıwdıń en jayıwı hám rawajlanıwınıń quramalı hám keń qamrawlı tariyxı joqlıǵı sebepli, biz bul tarawdıń tariyxın jigirmalanınshı ásirdıń baslarınan aytıp ótiwimiz múmkin. Arxiv materialları tiykarında Qaraqalpaqstanda poligrafiya óndirisiniń qáliplesiwi hám rawajlanıwı, kitap sawdası tarmaǵınıń shólkemlestiriliwi, kitap mádeniyatı rawajlanıwı hám bul tarawdıń házirgi dáwirdegi jaǵdayı hám taǵı basqa máselelerdi sáwlelendiriwimiz múmkin.

## Ádebıyatlar


1. Kıtap ónımlerın basıp shıǵarıw hám tarqatıw sıstemasın rawajlandırıw, kıtap oqıwdı hám kıtapqumarlıq mádenıyatın arttırıw jáne úgıt-násıyatlaw boyınsha komıssıya dúzıw haqqında» Ózbekstan Respublıkası Prezıdentınıń bıylıgı. / «Erkın Qaraqalpaqstan», 2017 jıl, 14 yanvar.
2. Istorıya Karakalpakskoy ASSR. T. II. – N.: 1974. – S.215-216.
3. QR MOA, 323-fond, 1-opıs, 7-d, 13- b
4. QR MOA, 323-fond, 1-opıs, 5-d, , 3-b.
5. QR MOA, .323-fond, 1-opıs, 7-d, 30-b
6. QR MOA, 323-fond, 1-opıs,.8-d, 28-b

7. QR MOA, .323-fond, 1-opıs,7-d, 32-b
8. QR MOA,173-fond, 1-opıs, 9-d, 21-b
9. QR MOA,.323-fond, 1-opıs, 1-d..8-b
10. QR OMA, 323 fond, 1-opıs,7-d, 30-bb.
11. QR OMA, 323 fond, 1 opıs,1-d, 8-bb.
12. Narodnoe xozyaystvo Karakalpakskoy ASSR. Kratkıy statıstısheskıy sbornık. -N.: 1969. -S.177.


**REZYUME.** Ushbu maqola Qoraqalpog`iston matbaa sanoatining shakllanish tarixiga bag`ishlangan. Tipografiya mexanizmini ixtiro qilish va kitoblarni tarqatish insoniyat tarixidagi eng katta voqeadir. Ushbu ilmiy masalani yangi sharoitlarda o`rganish milliy va madaniy tiklanish jarayoni faollashganda, uning madaniyati, adabiyoti, tili, yozuvi va boshqalar tarixiga qiziqish kuchayganda yangi rangga ega bo`ladi. Tadqiqotning xronologik doirasi 1930 – yillarning ikkinchi yarmidan 1941-yillarning boshlariga qadar bo`lgan davrni o`z ichiga oladi. Bu davrda Qoraqalpog`iston nashriyotining o`ziga xos xususiyatlari bor. Qoraqalpog`istonda kitob nashrini shakllantirish muammolari va mamlakatda nashriyotni markazlashtirish bosqichlari haqida, bu sovet davlatining mafkuraviy asoslarini mustahkamlashga va jamiyatni boshqarishning totalitar tizimini mustahkamlashga xizmat qildi.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена истории становления полиграфической промышленности Каракалпакстана. Изобретение механизма книгопечатания и распространение книг является самым величайшим событием в истории человечества. Изучение этого научного вопроса в новых условиях приобретает новую окраску, когда идет активный процесс национального и культурного возрождения, усиливается интерес к истории своей культуры, литературы, языка, письменности и т.п. Этим определяется культурологическое и научно-познавательное значение данной статьи. Хронологические рамки исследования охватывает период со второй половины 1930-начала 1941-х годов. В этот период издательское дело Каракалпакстана имеет ряд своих особенностей. Указываются проблемы становления книгоиздания в Каракалпакстане, отмечаются этапы централизации издательского дела в целом в стране, что послужило укоренению идеологических основ советского государства и укреплению тоталитарной системы управления обществом.

**SUMMARY.** This article is devoted to the history of the formation of the printing industry of Karakalpakstan. The invention of the printing mechanism and the distribution of books is the greatest event in the history of mankind. The study of this scientific question under new conditions acquires a new color when there is an active process of national and cultural revival, interest in the history of one's culture, literature, language, writing. This determines the cultural and scientific-cognitive significance of this article. The chronological framework of the study covers the period from the second half of the 1930s to the beginning of 1941. During this period, the publishing business of Karakalpakstan has a number of its own features. The problems of the formation of book publishing in Karakalpakstan are indicated, the stages of centralization of publishing as a whole in the country are noted, which served to root the ideological foundations of the Soviet state and strengthen the totalitarian system of society management.

## JAS JÚZIWSHILERDIŃ KÓP JÍLLÍQ TAYARLÍQ BAǴDARLARÍ

**B.X.Ilyasov** – *assistent oqıtıwshı*
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Tayanch so'zlar:** suzish sport turi, ilmiy ma'lumotlar, trener, amaliy tajribalari, o'tkazilgan tajribalar, sport suzishida mashg'ulot yuklamalari, me'yorlar, ishlab chiqish, mashg'ulot jarayonlari.

**Ключевые слова:** спортивное плавание, научные данные, практический опыт, тренер, проведенные эксперименты, разработка, нормативы тренировочных нагрузок, спортивное плавание, тренировочные процессы.

**Key words:** sport of swimming, scientific data, practical experiences, trainer, conducted experiments, development, standards of training loads, swimming, training processes.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoyevtıń 2017-jıl 3-iyundaǵı "Dene tárbiya hám sporttı jáne de rawajlandırıw is-ilajları haqqında"ǵı PQ-3031-sanlı qararı tiykarında jámiyetimizde salamat turmıs-tárizin qáliplestiriw, xalıqtıń ásirese jas áwladtıń dene tárbiya hám ǵalabalıq sport penen turaqlı shuǵıllanıwı ushın zaman talaplarına say shárt-sharayatlar jaratıw, salamat áwladtı kamalǵa keltiriw, tálim-tárbiya beriwdi áste-aqırın nátiyjeli ámelge asırıw, jámiyetti rawajlandırıwda jámiyetlik, ekonomikalıq hám siyasiy jaqtan áhmiyetli wazıypalardan biri bolıp xızmet etedi [1,2]. Biz joqarıdaǵı wazıypalardı basshılıqqa ala otırıp búgingi jumısımızda jas júziwshilerdiń kóp jıllıq tayarlıǵı baǵdarlarına toqtalıp ótkendi maqul kórdik.

L.P.Matveev bazalıq tayarlıq basqıshların ótep atırǵan jas sportshılarǵa mólsherlenbegen sport shınıǵıwınıń jeti baǵdarın kórsetip bergen. Ol trener hám sportshınıń alǵa qoyılǵan maqsetke erisiw jolları hám shárt-sharayatların kórsetip beredi (L.P. Matveev) [2:125].

Jas júziwshilerde jıllıq cikllar sistemaları jas hámde hámde oǵan tán bolǵan ózgeshelikler menen baylanıslı. Balalar hám jas óspirimlerdiń kóp jıllıq tayarlıǵına tán ayırmashılıqların klassifikaciyalawǵa birinshi bolıp M.Ya.Nabatnikova urınıp kórgen. [3:45-47]. Ol ilimiy maǵlıwmatlar hám trenerlerdiń aldıńǵı ámeliy tájiriybelerine tiykarlanıp, jas júziwshilerdiń arnawlı shıdamlılıǵın jetilistiriw metodikasınıń úsh baǵdarın kórsetip bergen:

1.Maqsetli tásir etiw baǵdarı. Onıń mazmunı shınıǵıw quralları hám metodlarınıń arnawlı hámde tańlap tásir etiwin itibarǵa alǵan jaǵdayda keńeytiwden ibarat. Ol waqıtta kópshilik ilimiy jumıslarda usı nárse dálillener eken, arnawlı shıdamlılıqtı asırıwda arnawlı shınıǵıwlardıń bir qıylı hám keń kólemdegi variantları qollanılǵanda joqarı nátiyjege erisiw múmkin boladı.

2.Fizikalıq sapalar dárejesindegi sáykesleniw baǵdarı. Biziń pikirimizshe, bul baǵdardıń mazmunı tiykarǵı sapalardıń rawajlanıwındaǵı belgili bir sáykesleniwdiń támiyinleniwi bolıp tabıladı. Usı baǵdardıń ámelde qollanıwın dálillew maqsetinde hár qıylı sheberlik dárejesine iye júziwshiler toparındaǵı «tezlik -waqıt» baylanısınıń logarifmlik sızılması keltiriledi. Erkin usılda 100 m. aralıqqa júziwde 51,2 -53,0 s. nátiyje kórsetken er júziwshilerde 1500m. aralıqqa tezliktiń tómenlewi 100 m. aralıqqa salıstırǵanda 35,2% ti quraydı, sol waqıttaǵı nátiyjeler 55,1-58,5 s. átirapında bolǵan júziwshilerde bul úlkenlik 46,9% ke shekem jetedi.

3.Arnawlı sapalar rawajlanıwınıń sáykesligi baǵdarı. Bul baǵdar jas júziwshilerdi tayarlawda óz aldına áhmiyetke iye. Usı baǵdar mazmunı sonnan ibarat, shınıǵıw metodikası júklemeni hár qanday pát zonasında nátiyjeli orınlay alıwın, sonıń tiykarında olardıń birinde eń joqarı iskerlik qábiletin támiyinlewi zárúr. Sońǵısı júziwshiniń hár túrli aralıqlardaǵı tayarlıq dárejesi menen tıǵız baylanıslı. Demek, jas júziwshiniń «aralıqlı» tayarlıǵınıń sport sheberligin kúsheytiwshi rezervlerden biri bolıp esaplanadı.

Biologiyalıq rawajlanıwdıń kritik dáwirlerinde óz aldına sapalardı aldıńǵı baǵdarda rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan iri jumıslar basıp shıǵarılmaǵanlıǵına, tayarlıq jılları boyınsha UFT hám AFT qurallarınıń optimal dárejeleri haqqındaǵı maǵlıwmatlardıń ulıwmalastırılmaǵanlıǵına qaramay, metodikalıq qaǵıydalar avtorları olardı dizimge kirgizdi hám waqıtta qátelespedi. Biraq fizikalıq sapalardıń rawajlanbaǵanlıǵın itibarǵa almaǵan jaǵdayda texnikanı jetilistiriw teoriyası, derlik bir qıylı bolǵan jıllıq sistemanıń jıldan-jılǵa qaytarılıwı haqqındaǵı qaǵıydalar ózin aqlamadı. Derlik 2 jıldan sóń M.Ya.Nabatnikovanıń miynetlerindegi [3:45-47] aldıńǵı qaǵıydalarǵa qaraǵanda jáne de ulıwmalıq